Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайы



**«Халқы менен бәрҳә бирге жасайды»**
**Өзбекистан Республикасы Биринши Президенти**
**Ислам Абдиғаниевич Каримовтың туўылған күнине 80 жыл**

Нөкис-2018ж.

Кирисиў

Ғәрезсиз Өзбекистан мәмлекетиниң тийкарын салыўшы, миллий хәм дүньялық көлемдеги уллы мәмлекетлик хәм сиясий ғайраткер, жәмийетлик-гуманитар пәнлери саласындағы атақлы теоретик, көп миллетли Өзбекистан халқының уллы хәм ардақлы перзенти, елимиздиң Биринши Президенти Ислам Абдуғаниевич Каримовтың аты хәм иси бизиң тарийхымызда өшпес из қалдырды. Оның көп қырлы жәмийетлик-сиясий искерлигинде миллетлерара аралық аўызбиришиликти тәмийнлеў, бәрше пуқараларға миллети хәм диний исениминен ғәрезсиз бирдей хуқық хәм имканиятларды жаратыў, халқымызды, әсиресе, жасларымызды миллий хәм улыўмаинсаный қәдирятлар руўхында тәрбиялау айрықша орын ийелейди.

Өзбекистан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң 2017 жыл 25-январь күни қабыл еткен қарарына тийкарланып, Ғәрезсизлигимиздиң тийкарын салыўшы, халқымыздың пәраўан турмысы, жәмийетимиздиң жедел раўажланыўы жолында пидайы хызмет еткен, уллы сәркарда, жәмийетлик искер, Биринши Президентимиз И. А. Каримовтың туўылған күнин белгилеўге бағышланған еслеў кешелери Республикамыз бойлап кең түрде өткерилмекте.

Усы мүнәсибет пенен Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайы илимий методикалық бөлими тәрепинен **«Ҳалқы менен бәрҳә бирге жасайды»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылды.

Қолланбаның биринши бөлиминде **«И.А.Каримов ҳәмийше халқымыздың жүрегинде»** делинип, бул жерде И. А. Каримовтың өмири хәм алып барған хызметлери хаққында сөз жүритиледи.

Екинши бөлиминде **«Елимизди жәҳәнге таныткан еди»** деп аталып Мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын еслеў кешесине бағышлаймыз. Қолланбамыздың кейинги бөлиминде **«Елин сүйгенди ели сүйеди»** атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы хәм пайдаланған әдебиятлар дизими бериледи.

«**И.А.Каримов ҳәмийше халқымыздың жүрегинде**»

Биринши Президентимиз Ислам Абдиғаниевич Каримовтың өмири хәм алып барған хызметлери хаққында

Ислам Абдиғаниевич Каримов 1938 жылы 30-январьда Самарқанд қаласында хызметкер шаңарағында дүньяға келген. Мағлыўматларға қарағанда, шаңарақта сегиз перзент өсип камалға келген: бир қыз – Мехринисо ҳәм жети аға ини: Аманулла, Ибадулла, Арслан, Қуддус, Икрам, Ислам, Хуршид. Хызметши болып ислеген Абдуғани ата аўыр минезли, өзине де ҳәм басқаларғада қатты қол, талабшаң болған. Өзи қатты тәртип – интизамларға әмел ететуғын болған соң ата соны перзентлеринен де талап ететуғын еди. Аўыл – аймақтың итибар - исенимин

қазанған еди. Санобар ана үй бекеси болган. Ол абырайлы шаңаракта дүньяға келген, әкеси молла, яғный өз дәўириниң үлкен уламаларынан еди. Билимге интилиўшең, күшли еслеў, зейинли ҳәм сабырлы болыў сыяқлы пазыйлетлер бир өмир Санобар анаға жолдас болды, ол өз өмирин шаңарағына бағышлады. Каримовлер шаңарағында бәрше ул перзентлери жоқары мағлыўматқа ийе болган, үш перзенти мектепти алтын медалға питкерген, үш перзенти пән кандидаты болган - Ибод Ғаниевич, Қуддус Ғаниевич ҳәм Ислам Абдуғаниевич. Кейининен Ислам Каримов академик дәрежесин алды.

И.А. Каримовы мектептен соң Орта Азия политехника институты хәм Ташкент халық хожалығы институтында инженер-механик хәм экономист қәнигелиги бойынша тәлим алган. Мийнет жолын 1960 жылда Ташкен аўыл-хожалық машина-сазлығы заводында баслады. 1961 жылдан 1966 жылларға шекем Ташкент авиация ислеп шығарыў бирлеспесинде инженер, жетекши-конструктор болып ислеген. 1966 жылда Өзбекистан ССР мәмлекетлик план комитетине жумыска өтип, қәнигеликтен Республика Мәмлекетлик план комитети баслығы биринши орынбасары лаўазымына шекемги жолды басып өткен.

И. А. Каримов 1983 жылда Өзбекистан ССР Қаржы Министри, 1986 жылда Өзбекистан ССР Министирлер Кеңеси баслығының орынбасары, Республика Мәмлекетлик план комитетиниң баслығы етип сайланган.

И.А. Каримов 1986-1989 жыллар даўамында Қашкадәрья ўалаяты партия комитетиниң биринши сектераты лаўазымында ислеп, өзинин үлкен басшылық хәм шөлкемлестириўшилик қәбилети менен пидайылығы, ел-журт дәртин, адамлардын тәшўиш хәм машқалалары, олардың талап хәм мәплерин жүректен сезиўи менен аўыр сиясий-экономикалық жағдайға түсип қалған ўәлаятдағы машқалаларды қысқа ўақыт ишинде түптен өзгертиўге ерискен.

Ислам Абдиғаниевич Каримов 1989 жылдың июнь айынан баслап Өзбекистан Компартиясы Орайлық Комитетиниң биринши секретары етип сайланды. 1990 жыл 24 март күни Өзбекистан ССР Жоқары Кеңесиниң сессиясында Ислам Абдиғаниевич Каримов Өзбекистан ССР Президенти етип сайланады. 1991 жыл 29декабрьде өткерилген улыўма халықлық сайлаўында Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти етип сайланды.

И. А. Каримов 25 жыл даўамында ғәрезсиз Өзбекистанды басқарып, ашық пуқаралық жәмийети хәм базар экономикасына тийкарланған хуқықый демократиялық мәмлекет қурыўдың терең ойланған стратегиясын ислеп шықты хәм оны әмелге асырған уллы мәмлекет ғайраткери сыпатында мәмлекетимизде хәм халық-аралық майданда уллы абырай-итибарға ийе болган.

Өзбекистанның суверенитети хәм ғәрезсизлигин сақлаў хәм беккемлеў Президент И.А. Каримов ушын барлық ўақытта уллы ўазыйпа болып келди хәм ол алып барған сиясаттың фундаменти болып қалады. Дүньялық раўажланыў соны көрсетеди, миллетлер аралық қатнасықларды турақластырыў көп миллетли халықлардың раўажланыўларының, әсиресе, бир сапалық жәмийетлик дүзимнен екиншисине өтиў дәўирлеринде оғада әҳмийетли мәселе сыпатында жүзеге шығады. Бундай жағдайларда алда турған машқалаларды әдалат принциплерине тийкарланып, бәрше миллетлердиң ҳуқық ҳәм мәплерин бирдей қорғаў арқалы сиясий жол менен шешкенде ғана унамлы нәтийжелерге ерисиў мүмкин.

Биринши Президентимиз Ислам Каримовтың "Өзбекистан ғәрезсизликке ерисиў босағасында" атлы фундаментал мийнетинде келтирилген материалларда айқын көринисин тапқан. Өзбекистан көп миллетли республика. Өзбек халқы

қыйыншылықта да, қуўанышта да басқа миллетлер менен бирге болған, олар менен дослықты хәм туўысқанлықты муқаддес деп ардақлап келген. Буны пүткил дүнья биледи. Бул – биз бийбаҳа байлық деп сақлайтуғын турмыслық қәдрият. Биз барлық миллет хәм елатлардың бирлигин буннан кейин де беккемлеўге, аўызбиршилик пенен жақсы ислеўге имкан беретуғын мәнаўий, сиясий орталықты жаратыўды өз миннетимиз деп билемиз. Адамлар ортасында мине усындай орталық бәрҳама ҳақ жүреклиликте хәм тынық, таза болсын, бул орталыққа шан хәм гирт жуқпасын. Қарақалпақстан Өзбекистан қурамағындағы суверен Республика болады. Оның суверенитети Өзбекистан қорғаўында. Сөзи менен иси бирлик ҳақыйқый қаҳарманлық. И. А. Каримов сөзиниң үстинен шығып, әмелди орынлай алғаны ушын да, идеал қаҳарманым деп билеримиз «Инсан қаҳарман болып туўылмайды, қаҳарманлыққа ериседи» И.А. Каримовта қаҳарман болып туўылмаған, оның мийнет сүйгишлиги, бир сөзлилиги, билими оны сол шыңға алып шықты.

Ҳақыйқатында да, елимиздиң атасы И.А. Каримов бәрше жасларды өзиниң балаларындай көретуғын еди. Буған тарийх, бүгинги кәмалға келген жаслар гүўа. Журтбасшымыз минберлерде, жол-жөнекей ушырасыўларда, әлбетте жаслар менен сәўбетлесер, олардың жетискенликлерин еситип баладай қуўанғанын талай мәртебе көргенбиз. Егер бул инсан тек өз мәпин ойлап яки адам алалағанында «Перзентлеримиз бизден де гөре билимли, ақыллы, дана хәм де әлбетте бахытлы болыўы шәрт» деп айтпаған болар еди. Бундай сөзлер тек нағыз атаның жүрегинен атылып шығады.

И. А. Каримовтың «Мен жасларды өз балаларымдай жақсы көремен, керек болса жанымды да беремен» деген гәплерин бүгин хәмме кешегидей еслейди.. Нәзеримизде, Журтбасшымыз биз ушын жан пида қылып, тап жанын берип кеткендей.

Мәмлекетимиздиң Биринши Президенти И. А. Каримов өзиниң көп қырлы сиясий хызмети, жоқары инсаныйлық пазыйлети менен Ўатанымыздың көп әсирлик тарийхында өшпес из қалдырды. Ол тек Өзбекистанға ғана емес ал, дүнья жүзи көлеминдеги үлкен ҳүрмет және абырайға ийе уллы шахс хәм мәмлекетлик, сиясий ғайраткер сыпатында танылды.

И. А. Каримов басшылық еткен шерек әсир даўамында елимиз көплеген тараўлар бойынша дүньядағы жетекши мәмлекетлер қатарынан орын ийеледи. Уллы Жолбасшымыз оғада машақатлы және қәўетерли бир жағдайда аўыр қыйыншылықларға хәм сынақларға қарамастан, тарийхый қысқа дәўирде Өзбекистанды жедел хәм турақлы пәтлер менен раўажланып атырған заманагөй демократиялық мәмлекетке айландырды.

Ўатанымыз, пүткил өзбек халқы ушын үлкен жоғалтыў болды. Уллы мәмлекет хәм сиясий ғайраткер, Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримов 2016 жыл 2- сентябрь күни арамыздан кетти.

Журтымызда жасап атырған түрли миллет хәм халықлардың ортасында қәлиплескен өз-ара дослық хәм бирге ислесиў, миллетлер аралық татыўлық жәмийетимиздиң социал-экономикалық хәм мәнаўий раўажланыўының ең әҳмийетли факторларынан бири болып келеди хәм буннан былай да сондай болып қала береди. Бул исти табыслы даўам еттирсек, қаншелли пидайылық хәм садықлық көрсетип мийнет етсек, Президентимиз Шавкат Миромонович

Мирзиёевтиң айтқанындай, қәдирдан Ислам Каримовтың руўхлары соншелли шад болады.

Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримовтың жарқын естелиги халкымыздын жүрегинде мәңги сақланып қалады.

« **Елимизди жәҳәнге таныткан еди** »

Мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын еслеў кешесиниң методикалық жол-жобасы

«Арзыў – қанатлы қус яңлы, Ол Сени қус қылып, аспанға ушыртады» Мәмлекетимиздиң Биринши Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримовтың әлемнен өтиўи халқымыз ушын аўыр болды. Ол инсанның халқына болған шексиз мухаббаты, итибары ҳеш қашан умытылмайды. Мейли, арадан заманлар өтер, адамлар өзгерер, бирақ ғәрезсизликти алып келген инсанның уллы ислери адамлар арасынан көтерилмейди.

Усы мүнәсибетте мәлимлеме китапхана орайы, мәлимлеме китапхана мәкемелеринде еслеў кешелери шөлкемлестирилмекте.Кешени өткизиў ушын өткизилетуғын жерди жақсылап таярлық көриледи. Ол жерде Президентимиздиң ислеген мийнетлери, исленген жумыслары, жазған китаплары, видеороликлер, плакатлары хәм слайдлар менен безетиледи.
Кешеге миратнама тарқатылады хәм дағазалар қыстырылып, бағдарламалар ислеп шығылады. Еслеў кешесине профессор оқытыўшылар, студент жаслар, оқыўшылар, сиясатшылар, муғаллимлер хәм журналистлер мирәт етиледи.

**«Елин сүйгенди ели сүйеди»**

атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы.

Ғәрезсиз Өзбекистан мәмлекетиниң тийкарын салыўшы, миллий хәм дүньялық көлемдеги уллы мәмлекетлик хәм сиясий ғайраткер, жәмийетлик-гуманитар пәнлери саласындағы атақлы теоретик, көп миллетли Өзбекистан халқының уллы хәм ардақлы перзенти, елимиздиң Биринши Президенти Ислам Абдуғаниевич Каримовтың аты хәм иси бизиң тарийхымызда өшпес из қалдырды. Усы мүнәсибет пенен Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайы тәрепинен оның шығармалары тийкарында китап көргизбесин шөлкемлестириўди мақул көрдик.

Бул көргизбемиздиң бас темасы «**Елин сүйгенди ели сүйеди**» деп аталады. Китап оқыўшыларға пайдаланыўына қолайлы болыў ушын көргизбени 2-бөлимнен ибарат қылдық.

1-бөлим: **«Халқы ушын жан күйдирген»** деп аталып, бул жерге Ислам Абдиғаниевич Каримовтың жазған китаплары, шығып сөйлеген сөзлери, докладлары, топламлары, цитаталарынан қойылады.

2-бөлим: **«Сизди халкымыз умытпайды»** деп аталып, бул жерге Мәмлекетимиздиң биринши Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримов хаққында жазылған материаллар, журналлар, китаплар, газеталар, атамыз хаққында жазыўшы, шайырлармыздың жазған қосықлары, мақалалары қойылады.

## Ислам Абдиғаниевич Каримов ҳаққында

### *Қарақалпақ тилинде*

Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти, мәмлекетлик ҳәм сиясий ғайраткер Ислам Каримовтың 80 жыллығын белгилеў ҳаққында Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017 жыл 27 жыл ноябрь Қарары // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. – 30 нояб.

Абаев, С., Якубов М. Алла қәлбимизде, жүрегимизде: [ Ислам Кәримовтың туўылған күнининң 80 жыллығы алдынан] // Еркин Каракалпакстан. - 2017. - 14 нояб.

Абибуллаев, Д. Биринши Президентимиздиң естелигине бағышланды: [Пайтахтамыздағы Жаслар орайында Өзбекистан кәсиплик аўқамлары Федерациясы Қарақалпақстан кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси тәрепинен елимиздиң Биринши Президенти Ислам Кәримовты еслеў кешеси болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 2 февр.

Абдураимова, Н. Ислам Кәримов ҳәмийше халқымыздың жүрегинде // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 8 сент.

Абдураимова, Н., Бозоров Б. Ғәрезсизлигимиздиң тийкарын салыўшы: [Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатында 4 - сентябрь күни Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың естелигине бағышланған мәресим болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 6 сент.

Ақымбетова, Гулбаҳар. Президентимиздиң жүзинен нур жаўып турар еди: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президентин еслеў] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016.- 13 окт.

Аңсатбаев, Н. Халқымызға, мәдениятымызға хүрмети бәлент еди: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың ислеген мийнетлери ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-27 сент.

Атамуратов, Б. Ел журтымның тиреги: [Өзбекистан Республикасынын Биринши Президенти Ислам Кәримовтың жарқын естелигине қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 8 сент.

Арипов, Абдулла. Мәңгилик: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кэримовтың естелигине арналған қосық] / қарақалпақшаға аўдарған Ш. Аяпов // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 4 февр.

Әширбеков, У. Әдалатлы, көреген басшы, уллы тулға: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың туўылған күнинин 80 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2018. -6 янв., (даўамы). - 9 янв.

Әширбеков, У. Уллы инсанды еслеп...: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти, мәмлекетимиз ғәрезсизлигиниң тийкарын салыўшы Ислам Кәримовтың мийнет жолы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 31 авг.

Базарбаев, Ж. Елемизди жәҳәнге таныткан еди: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың мийнет жолы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 15 сент.

Биринши Президентимиз баслаған уллы реформалар үлкен күш - жигер менен избе-из даўам еттирилмекте: Өзбекистан Республикасы Бас министриниң виртуал қабыллаўханасына машқалалары тез шешилип атырғаны ушын ўатанласларымыз миннетдаршылық хатларын жолламақта // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 22 окт.

Жиемуратов Ә., Пирназарова М. Биринши Президентимиз бәркулла ядымызда болады. [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың қайтыс болыўына байланыслы өткерилеген илажлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 4 сент.

Игиликова, М. Сизди жоқ деп айтыўға биз ҳақылы емеспиз: [Елбасшымызды еслеп...] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 8 сент.

Ислам Абдуғанивич Кәримовтың кеселлиги ҳәм өлими себеплери ҳаққында медициналық жуўмақ: // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. – 4 сент.

Исмайылова, М. Мәңги миннетдармыз: Уллы инсанлар өлмейди: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 27 окт.

Камалов, Қәллибек. Пидайы ел басшылары: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 7 окт.

Қаллибеков, Т. Халқымыз жүрегинде жасайды: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың өмир жолы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 11 июль.

Матьякубова Г. Мәңгилик жолы: [3 – сентябрь, 2016 – жыл, Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовты соңғы жолға гүзетиў мәресиминен соң жазылған қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2016. – 4 сент.

Нызанов М. Биз ҳеш кимнен кем болмаймыз: [Президент Ислам Кәримовты4 естелигине арнап қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2016. – 8 окт.

Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти И. А. Кәримовтың жерлеў мәресимин өткериў бойынша мәмлекетлик комиссияны дүзиў ҳақында: Өзбекистан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы Кеңеси, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис Сенаты Кенгаши ҳәм Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2016 жыл 2 сентябрь Қарары // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 4 сент.

Өзбекистан Республикасы Биринши Президенти Ислам Кәримов пенен хошласыў: [Самарканд қаласындағы Форумлар комплексинде 3 - сентябрь күни Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримов пенен хошласыў мәресими болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 4 сент.

Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Абдуғаниевич Кәримов: [Өзбекистан Республикасың Биринши Президенти Ислам Каримовтың қайтыс болыўы, өмири жолы ҳәм мәмлекетимиз ушын ислеген мийнетлери ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 4 сент.

Рейпназаров Н. Еслеў сабағы менен басланды: [2016- жыл 2 – сентябрь күни Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Каримовтың қайтыс болыўы себепли быйылғы жаңа оқыў жылы барлық билимлендириў мекемелеринде Ел басшымыз тәрепинен Ўатанымыздың гүллеп – раўажланыўы, халқымыз ийгилиги ушын алып барылған уллы хызметлерди еске алы мақсетинде «Еслеў сабағы менен басланды»] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 6 сент.

Саййид, Сражаддин. Президентке жоқлаў: [қарақалпақшаға аўдарған К. Реймов] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 27 сент.

Султанов, Ю. Устазлардың устазы еди: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Каримовты еслеў]  // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 1 окт.

Тураб, Бийбисара. Өлсем, жаназамды бүлбил оқысын...: [Перзентлерге ўәсият қосық: Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовқа арналды] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 4 февр.

Урозов, Абу Бакир. Ташкентте Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовтың ҳәйкели ашылды:  // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 1 сент.

Уснатдинов, Ш.  Халқы менен мәңги бирге жасайды: [Өзбекистанның Биринши Президенти, уллы сәркарда И. А. Кәримовтың  өлмес естелигине ] // Қарақалпақстан жаслары. -  2017. - 2 февр.

Уснатдинов, Ш.  Халқы менен мәңги бирге жасайды: [Өзбекистанның Биринши Президенти, уллы сәркарда И. А. Кәримовтың  өлмес естелигине ] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 28 янв.

Уснатдинов, Ш.  Хош бол, өмиримиздиң данышпан устазы: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримов мийнет жолы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 6 сент.

Хидиров, Б. Ел – журтына бағышланған өмир: [Өзбекистан Жазыўшылар аўқамында Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти, ғәрезсизлигимиздиң тийкарын салыўшы  Ислам Кәримовтың естелигине бағышланған илаж болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. – 6 сент.

Худайбердиева, Халила.  Хошласыў: [Өзбекистан Республикасының Биринши Президенти Ислам Кәримовке арналган косык] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 1 окт.

Юсупов, Қ. Жаслардың  ҳақыйқый ғамхоршысы еди...: [Бирнши Президентимиз Ислам Абдиғаниевич Кәримовты еслеп] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 2 февр.

Пайдаланған әдебиятлар:


1. Уснатдинов Ш. Халқы менен мәңги бирге жасайды. // Еркин Қарақалпақстан.-2017 жыл 28-янв. №14
2. Хожаниязов Г. Уллы реформатор. // Еркин Қарақалпақстан.-2017 жыл 31-янв. №15
3. Дарвеш Х. Отам кетди… // Даракчи.-2016йил 9-сент. №73
4. Бегниязова К. Өзбекистан Республикасы Биринши Президенти И. А. Каримов естелигине. Мен сүйген қаҳарман. // Қарақалпақ әдебияты.-2017 жыл сентябрь. №9
5. Абаев С., Якубов М. Өзбекистан Республикасы Биринши Президенти И. А. Каримовтың туўылған күнине 80-жыл. Миллетлер аралық татыўлық - биз ушын бийбаҳа байлық. // Қарақалпақ әдебияты.-2017 жыл октябрь. №10


Қолланбаны жазған: Атағуллаева М.
Редакторлаған: Сапарова З.